

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123), desain panalungtikan mangrupa prosés nu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Métode kuasi ékspérimén nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku desain *one-group pretest and posttest*, nyaéta panalungtikan nu ditujukeun ka hiji kelompok tanpa ayana kelompok pangbanding. Desain ékspérimén tujuanana pikeun nguji jeung maluruh kamungkinan ayana sebab akibat, ku cara méré *treatment* ka hiji kelompok ékspérimén. Sangkan leuwih jéntré bisa titénan desain panalungtikan ieu di handap.

Pola:

<b>O<sub>1</sub></b>	<b>X</b>	<b>O<sub>2</sub></b>
----------------------	----------	----------------------

Sumber: Arikunto (2013, kc. 124)

Keterangan:

O<sub>1</sub>: Praté (hasil observasi saméméh perlakuan)

X :*Treatment* (perlakuan/pangajaran ngagunakeun modél TTW)

O<sub>2</sub>: Pascaté (hasil observasi sabada perlakuan)

### 3.2 Subjék Panalungtikan

Anu jadi subjék dina ieu panalungtikan nya éta modél *Think-Talk-Write* dina pangajaran nyusun peta konsép dongéng sasakala. Pikeun ngukur ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa dina nyusun peta konsép dongéng sasakala diajén dua kali nya éta, saméméh dibéré perlakuan (praté) jeung sabada dibéré perlakuan (pascaté) ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.

### 3.3 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 1 Bandung anu lokasina di Jalan Kesatria No. 12, Arjuna, Cicendo, Kota Bandung, Jawa Barat 40172. Cara nangtukeun sumber data nya éta maké *purposive sample*. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2017/2018 anu jumlahna 26 siswa, 8 lalaki jeung 18 awéwé.

**Serly Setiabudi, 2018**

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat atawa fasilitas anu digunakeun panalungtik dina ngumpulkeun data anu ngajadikeun pagawén jadi leuwih babari jeung hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2013, kc. 136).

Dina ieu panalungtikan instrumén anu digunakeun nya éta lembar soal tés. Tés mangrupa runtuyan patarosan atawa latihan anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku pribadi atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193).

Tés anu digunakeun nya éta tés aplikatif (penerapan) anu dipiharep ayana kamampuh ngalarapkeun pangaweruh tioritis siswa kana kagiatan praktis tur konkrit. Salian éta, ku ngagunakeun suasana anu nyaman jeung *penataan* bangku sacara kelompok anu geus dirancang ku modél *Think-Talk-Write*.

Dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan ngagunakeun observasi langsung, nyaéta observasi anu dipaké sacara langsung kana objék anu rék ditalungtik. Ieu tés dilakukeun dua kali, nyaéta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.

Lembaran instrumén pratés jeung pascaté nu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan bisa katitén ieu di handap.

**Serly Setiabudi, 2018**

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

### Lembar Kerja Praté

Wasta : .....

Kelas : .....

No. Absén: .....

1. Pék regepkeun téks dongéng sasakala Talagawarna anu dibacakeun ku guru!
2. Pék jieun ku hidep peta konsép dongéng sasakala di handap dina wangun peta konsép *pohon jaringan* anu ngawengu proposisi, hirarki, kaitan silang, jeung conto!

#### SASAKALA TALAGAWARNA

Jaman baheula palebah dinya téh aya nagara anu teu kinten raména, gegek jelemana tur balaleunghar deuih. Anu jumeneng raja kawéntar asih ka abdi-abdi, kagurnita kaadilanana, puguh deui ari kabeungharanana mah kakoncara ka mana-mana.

Kacarioskeun Kangjeng Raja kagungan putra istri mung hiji-hijina pisan, geulis taya tandingna, salira jangjing lenggik, rarayna ngadaun seureuh, keningna ngajélér paéh, waosna gula gumantung, panangan bentik ngagondéwa.

Atuh ku ibu ku ramana sakalintang dipusti-pustina, dieugeuh didama-dama, éstu saniskanten dipupuhkeun, sakapalayna teu aya nu dipungpang.

Barang Sang Putri parantos yuswa opat welas taun, keur sumedeng rumaja putri, nindak kana turun amis cau, teu aya deui damelna unggal dinten ngan mesék salira, di karaton pipidangan, gentos-gentos pangango nu murub mubyar ditabur inten widuri.

Midang teu aya musimna, ningkes pangango anu wareuteuh siang-wengi, saniskanten kedah ninggang surupanana. Sareng salamina kedah ngaleuseuhan baé, teu kersa nganggo nu lusu. Upami sinjang songkét, atuh raksakanana kedah suat emas pulas kayas, sumberna kedah berlian masung, pinggel belah rotan ditarétés inten, malah sanggul diréka-réka kénging nyusurup, parantos aya emban tukangna.

Ku ibu ku rama éstu diayunkeun sakersana, kawantos ratu mukti salieuk béh, sayagi geusan ngumbruk-ngumbruk putra, anu sakitu dianggo kameumeutna.

**Serly Setiabudi, 2018**

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Binangkitna putri kana ningkes panganggo parantos teu aya tandingna, jadi pamujian saeusi nagri, ditiru ditarurutan ku istri-istri sadaya.

Ku margi ti mu murangkalih dibiasakeun ngaleuseuhan wungkul téa, sareng tingkesanana teu kénging pisan aja géséhna, lami-lami putri

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

sering pusing galih, réh bingung kumaha nya pimodéleun, da anu parantos aya mah karaosna matak bosen, karaosna kieu teu surup-kitu teu surup.

Damelna nangis ngurihit ka ibu ka rama, nyuhunkeun inten keur rarambu kekemben, sareng mundut berlian keur tabur raksukan, mundut jambret keur papaés pajeng, sareng mundut deui rupa-rupa permata anggoeun ieu-anggoeun itu pangwuwuh anu parantos aya.

Awitna mah pamundutna ku ibu ku rama tara aya anu dipogogan, najan barang anu langka, dibélaan ngadadak nimbalan mantri ponggawa ngilari ka unggal nagri. Atuh permata ogé dugi ka parantos sababaraha peti geledeg, jabi sutra bangsa anggoan sipat nyamu.

Nanging lami ti lami, tina sanget kasengsrem ku tingkesan anu marodél téa, pamundut putri seueur pisun murkana, dugi ka ku ibu ku rama kapaksa sok dipondah, lantaran kamanah, yén kahoyong anu sarupi kitu mah henteu matak jadi papaés kapantesan.

Atuh Sang Putri sering bendu, pundung ka sepuh tina raosna asa dipungpang kahoyong, damelna kutuk gendeng, dugi ka wantun ngupat nyebatkeun medit, nyebat kumed, majar teu nyaah ka putra.

Dina hiji dinten putri sumping dumeuheus ka payuneun ibu rama diiring ku emban-emban, saku maha biasa badé aya deui pamundut, réh kaangsonan ku mojang eusi puri, majar surup mawa sieup, upami tungtung rambut unggal lambar digantélan ku mirah sareng widuri.

Ku Kangjeng Raja digumujengkeun, pamundut anu sakitu minculakna téh, disebatkeun murka kaleuwihan, ditungtungan ku piwuruk, supados putra ulah katalanjuran teuing.

Nanging ujug-ujug jengkéat baé putri ti payuneun rama, nangis kanyenyerien bari teu tata pasini.deui, wur baé permata anu dicandak harita ku anjeunna diawurkeun kana mastaka ramana. Gejlig putri ka latar, jamotrot bendu ka sepuh bari ngagantawang kieu, "Kop tah cokot deui ari owel mah dipaké ku ....!"

Ajaib pisan teu acan tutup putri sasauranana, ujug-ujug burial baé cai ngabulak-bulak ti tengah latar téa, leb karaton kakeueum, musna rupa nagara dadak sakala salin jinis ngajadi talaga.

Nu mawi caina ayeuna sok gentos-gentos rupa-rupa téh, nyaéta duméh kahibaran ku cahaya berlian sareng permata nu sanés, anu mayak di

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA*

*KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

dasarna, tilas ngawuran mastaka Kangjeng Raja, ramana putri nu murka téa.

---

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

### Lembar Kerja Pascatés

Wasta : .....

Kelas : .....

No. Absén: .....

1. Pék regepkeun téks dongéng sasakala Situ Bagendit anu dibacakeun ku guru!
2. Pék jieun ku hidep peta konsép dongéng sasakaladi handap dina wangun peta konsép *pohon jaringan* anu ngawengu proposisi, hirarki, kaitan silang, jeung conto!

#### SASAKALA SITU BAGENDIT

Jaman baheula di hiji lembur aya randa beunghar, ceuk paribasana beungharna Nyi Randa téh éstu lubak-libuk sagala boga. Kakayaanana bru di juru bro di panto.

Éta Nyi Randa téh katelahna Nyi Endit. Awakna jangkung rada ngeusi tapi sorana cempréng. Mun pareng nyarékan bujangna atawa barudak sok laklak dasar bari sorana matak katorékan. Rupana henteu geulis kitu wé saperti urang lembur nu séjén kasebut ngan ukur jajjar pasar. Tapi lantaran perbawa kabeungharanana, manéhna asa panggeulisna di lembur éta téh. Sapopoé gawéna ngan ukur midang némbongkeun papakéan jeung perhiasan emas berlian anu sarwa alus. Kongkorong emasna sagedé nyéré digantelan ku liontin sagede jengkol. Beulang kénca katuhu bari alina reunceum dina ramona. Jaba ti éta antingna guntang-gantung beuki tambah gonjleng. Dahareunana, unggal poé ngajagrag dina méja. Iwal ti sangu jeung deungeunna dina méja séjén aya rupa-rupa bangbuahan. Éta kadaharan anu sakitu ngaleuyana téh éstu tara kasoro ku batur, sanajan di imahna téh aya nu babantu. Jadi sanajan loba dahareun gé, Nyi Endit mah tara daék barangbéré ka batur. Tah najan paparéntah kana gawé mah ceréwéd pisan ka bujang téh ari muruhan mah itungan pisan. Ku kituna, ku urang dinya mah Nyi Endit téh katelah Nyi randa medit. Batur salemburna geus apal pisan, meditna Nyi Endit lain baé karasa ku bujang-bujangna tapi ogé karasa ku batur salemburna. Nyi Endit mah tara daék campur jeung urang lembur da cenah sieun karebut harta bendana, tara daék méré sumbangan keur nu miskin. Mun pareng aya nu baramaén ngalanto ka buruanana sok nitah

**Serly Setiabudi, 2018**

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

bujangna ngabuburak, ngusir nitah jaun ulah asup ka buruan. Di lembur éta Nyi Endit siga pisan nu hirup sorangan teu maliré ka tatangga, tara daék nulung ka nu butuh tara daék nalang ka nu susah. Sapopoéna nu diriksa ditalingakeun téh ngan ukur harta bandana, sieun aya nu leungit sieun aya nu maling. Leuit nu ngajajar digembok dikoncian, pakéan

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)



ditumpuk-timpuk dilomarian, duit disumput-sumput dina handapeun kasar.

Dina hiji poé ka buruanana aya hiji aki-aki. Awakna begéng bari geus bongkok, maké dudukuy samak geus rawing, léngkahna dibarengan iteuk, pakéanana rudin kuleuheu. Éta aki-aki teu kanyahoan ti mana jolna ujug geus ngajengjen hareupeun panto bari pok uluk salam ka nu boga imah. “Assalamualaikum, nu kagungan bumi aya linggih?Punten aki kamawantun ... nyuhungkeun sangu sakedik mah... lapar aki téh”. Kitu pokna bari brek diuk dina émpér.

Barang Nyi Endit ngadéngé aya nu pupuntenan bari rék ménta sangu, gancang baé mukakeun panto. Nyi Endit ngabedega dina panto bari tutunjuk, pok ngagorowok “Naon ménta sangu..naha kami boga dahareun téh beunang barangpénta kitu. Lapar... Usaha atuh lain baramaén”. Nyi Endit pohara ambekna kedatangan aki-aki téh. Lin baé tutunjuk ngusir tapi bari jeung nyuntrungkeun aki-aki ti émpér ka buruan. “Ka ditu indit montong datang ka dieu” bari nitah badegana ngusir aki-aki ti buruanana. Aki-aki teu bisa kumaha, terus ka luar ditungtun ku tukang kebon. Hatena pohara nyerina ngadéngé babasan Nyi Endit anu kasar, ngusir asa popohoan pisan.Barang geus kaluar ti buruan Nyi Endit, éta aki-aki téh teu aya nu nganyahoankeun kamana léosna, tinggal iteukna wé nanceb diburuan Nyi Endit, poho mawa meureun aki-aki téh. Ambekna Nyi Endit acan leler, rét kana iteuk anu nanceb, sérénténg baé, iteuk dicabut bari dibalangkeun ka jalan. Tapi anéh bin ajaib, tina tapak iteuk dicecebkeun téh bet bijil cai mancer kaluhur. Beuki lila beuki gedé ngaburial ti jero taneuh nepi ka ngagulidag minuhan buruan. Nyi Endit pohara reuwasanana, manéhna gogorowokan ka bujang-bujangna nitah nyocokan liang cai. Tapi cai lain ngorotan malah beuki gedé, terus lebleban ngeueum sagala nu aya kaasup imah jeung harta banda Nyi Endit. Nyi Endit jejeritan ménta tulung bari teu leupas ngagagandong harta emas berlianana. Tatangga boro-boro hayang nulungan, kabéh mupuas da bongnan manéhna gé tara daék tutulung ka batur. Cai anu bijil tina iteuk aki-aki téa beuki gedé ngumpul ngabalong. Imah Nyi Endit ngalelep kakeueum cai, Nyi Enditna tembong ngangkleung di tengah cai bari keukeuh nanangkeup gembolan barang-barangna. Teu kungsi lila Nyi Endit teu tembong deui

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

ngilu tilelep ka jero cai. Éta cai nu terus ngagulidag, beuki lila terus ngabalong gedé pisan nepi ka jadi situ. Éta situ nepi kiwari katelah Situ Bagendit.

---


**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta desain *one-group pretest and posttest*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1  
Prosedur Panalungtikan

### 3.6 Analisis Data

#### 3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data nu geus dikumpulkeun. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data ngawengku sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh awal (praténs) jeung data hasil kamampuh ahir (pascaténs).

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

### 3.6.1.1 Meunteun jeung Méré Peunteun Hasil Praté jeung Pascaté

Sangkan mikanyaho hasil awal jeung ahir nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa, dipeunteun dumasar kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.1

Pedoman Skala Meunteun Nyusun Peta Konsép Dongéng Sasakala

No	Komponén nu dipeunteun	Kritéria Meunteun	Skor
1	Proposisi	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kecap panyambung luyu</li> <li>• Kecap panyambung cukup luyu</li> <li>• Kecap panyambung kurang luyu</li> <li>• Kecap panyambung teu luyu</li> </ul>	4 3 2 1
2	Hirarki	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Runtuyan konsépna bener</li> <li>• Runtuyan konsépna cukup bener</li> <li>• Runtuyan konsépna kurang bener</li> <li>• Runtuyan konsépna teu bener</li> </ul>	4 3 2 1
3	<i>Kaitan</i> silang	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kecap panyambung anu saluyu jeung ngahubungkeun dua konsép ka hirarki anu béda</li> <li>• Kecap panyambung anu cukup saluyu jeung cukup ngahubungkeun dua konsép ka hirarki anu béda</li> <li>• Kecap panyambung anu kurang saluyu jeung kurang ngahubungkeun dua konsép ka hirarki anu béda</li> <li>• Kecap panyambung anu teu saluyu jeung teu ngahubungkeun dua konsép ka hirarki anu béda</li> </ul>	4 3 2 1
4	Conto	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Contona aya 8-10 kaasup hadé</li> <li>• Contona aya 5-7 kaasup cukup hadé</li> <li>• Contona aya 2-4 kaasup kurang hadé</li> <li>• Contona aya 1 kaasup teu hadé</li> </ul>	4 3 2 1
Jumlah			16
Peunteun			100

(Novak jeung Gowin dina Dahar, 1988, kc. 161)

Serly Setiabudi, 2018

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Sangkan leuwih jelas, hasil peunteun ahir siswa ti *penilai 1* jeung *penilai 2* diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Peunteun Tés Nyusun Peta Konsép Dongéng Sasakala  
Siswa Kelas VII.1

KD KS	Aspék Meunteun P1 & P2												P	Tafsiran
	A			B			C			D				
	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R		
S01														
S02														
S03														
....														
∑														
X														
SI														

Keterangan:

KDKS : Kode Data Karangan Siswa  
 A : Proposisi  
 B : Hirarki  
 C : Kaitan silang  
 D : Conto  
 P1 : *Penilai 1*  
 P2 : *Penilai 2*  
 R : Rata-rata  
 P : Peunteun  
 ∑ : Jumlah  
 X : Rata-rata  
 SI : Skor Idéal

Rumus:

$$\text{Nilai Ahir} = \frac{\sum \text{skor anu dimeunangkeun}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

Katégori:

Peunteun  $\geq$  KKM 70 siswa dianggap tuntas nyusun peta konsép dongéng sasakala.

Serly Setiabudi, 2018

MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

Peunteun  $\leq$  KKM 70 siswa dianggap can tuntas nyusun peta konsép  
dongéng sasakala.

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun uji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara ngagunakeun *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta hiji program anu digunakeun pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* nu dianalisis nya éta hasil pratés jeung pascaté, jeung *indeks gain* anu satuluyna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

#### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun distribusi normal atawa henteuna data (Sudjana, 2005). Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov* atawa uji *Shapiro-Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di hadap.

$H_0$  : distribusi data normal

$H_1$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk*, ku taraf signifikan 5% ( $\alpha=0,05$ ). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikan)  $\geq 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikan)  $\leq 0,05$

#### 3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih (Sudjana, 2005). Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Anapon pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

$H_0$  : varians sampel homogén

$H_1$  : varians sampel teu homogén

Uji homogeny dilakukeun ku uji *One-way ANOVA* ku taraf signifikan 5% ( $\alpha=0,05$ ). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikan)  $\geq 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikan)  $\leq 0,05$

Serly Setiabudi, 2018

MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

### 3.6.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima ata wa henteuna hipotésis. Nurutkeun Sudjana (2005) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saumpamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data normal, ku kituna éta data téh dina nguji

**Serly Setiabudi, 2018**

*MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)



hipotésisna ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun t-tes, sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun hipotésis ditarima atawa henteu, dumasar kana ieu kriteria di handap.

- 1) Hipotésis Alternatif ( $H_a$ ): aya béda anu signifikan antara kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.  
 $H_0: p \leq 0$   $H_1: p > 0$
- 2) Hipotésis Nol ( $H_0$ ): teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.  
 $H_0: p \leq 0$   $H_1: p > 0$

**Serly Setiabudi, 2018**

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA  
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)